

Gid Pou Aktivite Lekti Pandan Gran Vakans



Chache kat ki montre wout pou ti moun ki pi gran yo. Bay yo chakoun makè koulè jòn pou yo pase sou tras wout ou vle swiv la. Gade wè si ti moun yo ka devine ki yès vil wout sa a ap travèse, lan ki direksyon ou prale: Nò? Sid? Lès? oubyen Lwès? Sou ki wout wap pase? Epi ti moun ki pi gran kesyon ki pi difisil pase sa yo.

Mande ti moun yo ekri Chanm Komès pou yo voye depliyan bannou sou zòn ou vle vizite yo.

Fè yon “Katon Bingo” kap montre sa ou pral wè pandan vwayaj la. Si timoun yo piti fè yo ede w chwazi foto lan jounal oubyen lan magazin, dekoupe yo ak sizo epi kole yo sou katon an. Kòm rekonpans fè jwè bingo yo kado divès kalite liv komik.




Ankouraje timoun yo gade televizyon mwens pou yo jwenn tan pou yo li

Si sa posib, fè pi gran ti moun yo gade televizyon san yo pa tande son an. Konsa, ya va pi byen konprann pwoblèm moun ki pa tande.


Pandan timoun yo ap gade reklam, mande yo pou yo envante yon pwodwi epi ekri reklam pou li.

Fè ti moun yo chwazi ki pwogram televizyon yo ta renmen gade pou jounen an. Kounye ya, fè yo ekri pou ki rezon, dapre yo menm, ou ta dwe kite yo gade pwogram sa yo.



Chache ki kote ki gen “garage sales”. Chache youn kote yap vann liv. Sèvi ak kat zòn ki lan liv telefòn ou an pou chwazi wout kap mennen ou lan “garage sales” la. Bay chak timoun ou dola pou yo achte liv!


- Fè echanj liv avek zanmi oubyen lòt fanmi pou timoun yo ka jwen plis liv pou yo li.
- Mande zanmi, vwazen oubyen pwofesè lekòl ba ou non kèk liv enteresan pou timoun.
- Enskri timoun yo kòm manm lan bibliyotèk zòn ou rete pou yo ka jwenn liv prete.
- Chache konnen pwogram bibliyotèk zòn ou an pou vakans lan. (Kilè y-ap rakonte istwa pou timoun, klib liv pou jèn, teyat maryonèt, etc.)



Dekoupe ak sizo oun pati lan jounal la ki rapòte yon nouvèl. Kounye a, koupe l an twa osnon senk mòso. Fè ti moun yo li chak moso pou yo rive jwenn plas yo chak lan istwa-a.

Mande timoun yo pou yo li oun editorial nan jounal lokal la. Apre, fè yo pase yon kreyon vèt sou tout sa ki rive vre e yon kreyon wouj anba tout sa jounalis la panse de sitiyasyon an.

Timoun toujou renmen gade foto ak desen. Fè timoun yo dekoupe kèk lan jounal. Mande yo pou yo eksplike w foto yo osnon ekri yon lis adjektif ki montre sa foto yo ye.



Ki gou fòm sa yo?

Koupe pen pou bali diferan fòm (rektang, triyang, kare, wonn). Fè omwen de lan chak. Mande pi piti lan ti moun yo chwazi de moso ki menm fòm, fè l fè yon sandwich jele avèk yo. Sa se yon ti jwèt pou pèmèt rekonèt fòm yo epi tou pran yon soloba.

Klase, Anpile

Sèvi avèk asyèt pou aprann timoun yo ki jan pou yo klase bagay. Mande yo mete ansanm asyèt ki gen menm fòm ak menm grosè epi anpile yo youn sou lòt. Fè yo fè menm jan an ak kouvè yo: fouchèt ak fouchèt, kiyè ak kiyè. Konsa tou, yap ka rekonèt fòm lèt alfabè ak chif.

Chache yon resèt manje ki pa konplike timoun renmen. Ansanm, fè lis tou sa n ap bezwen epi ale achte yo lan makèt. Lè ou pare pou ou fè manje a, fè timoun nan li resèt la pou ou. Manje Byen!!!


Kouche atè deyò epi dekri fòm niaj yo. Fè timoun yo “pentire” non yo ak dlo sou beton cho a epi gade kijan lèt yo ap disparèt! Pou-n fè yon ti syans, fè timoun yo devine konben tan l pran pou mak pye mouye evapore epi fè yo kontwole l. Bayo defi pou yo devine tan glas pran pou l fonn.

Lage kèk bagay lan yon bokit dlo pou wè si yo plonje osnon rete sou dlo. Fè timoun yo ekri sa yo devine epi rezilta yo jwenn nan. Kòm rekonpans, bay jwè yo ou bon ti desè glase.

Ak lakrè, ekri sou totwa a youn ti mesaj pou moun kap pase, tankou “pase yon bon jounen”.

Si w al sou plaj

Timoun ka ekri lèt sou sab la pandan y ap “mache”. Fè kòm si w ap ekri mesaj pou avyon kap pase.



LEKTI

Antoure timoun yo ak materyèl pou fè lekti


Li ak pitit ou yon istwa ki ka fè moun pè. Etenn limyè yo epi klere liv la ak yon flach.

Fè pitit ou fè yon postè ak lèt alfabè yo. Ekri lèt yo gwo epi fè pitit ou trase foto. Lèt majiskil toujou pi fasil pou timoun aprann.

Avèk yon tep, anrejistre pitit ou kap li oun liv epi jwe tep la pou l ka tandè tèt li. Repete aktivite sa a pou timoun lan ka rann kont ki pwogrè li fè.

Chwazi yon liv ki gen anpil mo pitit ou konnen deja pou ou jwe jwèt yo rele “Reading Tag” la. Chak lè ou vle timoun nan li oun mo, ba l yon ti tap sou zèpòl.

Kreye yon “Sware Lekti pou Fanmi” - chwazi yon tèm tankou: “Kòbòy”, “miltikiltirèl” osnon “lane 60 yo.” Mete abiman ki ale ak tèm nan lè n ap manje aswè. Chwazi liv ki ale ak tèm nan epi envite zanmi ak vwazinaj.



Kèk bagay timoun ka ekri

Ekri yon ti pyès teyat pou ti moun osnon maryonèt. Ou ka fè maryonèt yo ak vye chosèt oubyen gan. Sevi ak fil triko pou fè cheve epi ak makè pou figi a. Envite timoun nan vwazinaj la epi pran yon ti soloba ansanm. Si ou kapab, pran tout aktivite sa yo sou videyo.



Ede timoun lan fè yon ti liv. Fè desen komik ladan li. Ou kapab pran kèk foto nan magazin, kole lòt moun nan fanmi an sou yo epi ajoute l nan liv la. Youn nan timoun yo kapab rakonte yon istwa ke yon pi gran va ekri. Kite imajinasyon timoun yo travay.

Dekoupe plizyè mo nan jounal oubyen magazin epi ekri yon telegram avèk yo.

Chache kèk etikèt, kole yo sou mèb nan chanm timoun yo epi make non chak mèb sou yo.

Fè ti moun yo ekri fanmi yo. Pi piti yo kap di w sa yo vle voye di. Kite kèk plas kote yo ka ekri mo yo konnen deja.

Bay timoun yo tout sa yo bezwen pou yo ekri, tankou tablo, lakrè, makè, yon tablo pou makè, papyè, plim epi kreyon. Lè anivèsè timoun yo, avèk lòt fèt espesyal, bayo liv kòm kado

Mande timoun piti yo pou yo montre ou lèt alfabè a lan bagay yo wè toutan, tankou siy lan lari, bwat sereyal osnon journal. Ou ka poze kesyon tankou “Konben lèt A ou wè?” pou ede timoun nan devlope ladrès pou l konte.

Kanpe bò youn fenèt epi rakonte yon ti istwa sou sa ou wè.

Maladi Pale Telefòn

Fè pitit ou pase nimewo telefòn pou l kab aprann li chif sot sou bò dwat ale sou bò gòch. Fè yon lis ak nimewo telefòn pitit ou ka li tankou _ pa fanmi, zanmi, enfòmasyon _ epi fè timoun yo rele dezoutwa nimewo.

Ekri lèt alfabè sou kat

Leve kat yo youn apre lòt epi fè timoun yo di son yo (egzanp, son d pou lèt “d”). Sere yon ti kado ki pa chè men pitit ou ap renmen. Ekri enfòmasyon jan pou l jwen kado a osnon trase ou kat wout pou timoun nan pase pou chache kado a. Ou ka fè yon fason pou timounnan ale diferan kote, pran diferan kat wout osnon diferan enfòmasyon anvan pou l rive jwen trezò a.

Montre timoun yo chante ak powèm ki gen pawòl enteresan tankou “Dodo Titit”.

Fè jwet tankou “Tonton Bouki eya eya”. Ki pèmèt timoun yo pale, koute, fè sa yo di yo epi di lòt moun sa pou yo fè.

Bay timoun nan kèk fraz konsa pou li aprann

Aprè, fè li envante pa li.

- “Sèt tèt chat lan sèt sak.”
- “Anba pla pye frè Pyè plen pyan.”

Dekoupe foto diferan bagay nan magazin. Chwazi sa timoun nan abitye wè e ki gen non fasil pou eple, tankou: “wi, non, nat, pen, tep, gwo etc”. Mete foto yo fas anba sou yon tab. Fè timoun lan pran yo youn pa youn e eple non yo. Si li eple san fòt, li mèt kenbe foto a. Aprè, sèvi ak foto sa yo pou fè yon postè ti moun yo ap kab “li”.

Koupe plizyè ti moso papyè epi ekri sou yo (ekzanp “li, yo, men, gen, de, twa, kat, fig, laj”). Ekri chak mo sou de moso papyè diferan pou ka genyen li de fwa. Jwe “ Go Fish” ak ti moso papyè yo. Chak fwa ti moun nan finn konn yon seri mo, ranplase l pa yon lòt. Pou pi piti yo, sèvi pito ak lèt alfabè nan plas mo sa yo.